

PANGARIBAWANE PESAREAN GUS DUR
TUMRAP MASYARAKAT DESA CUKIR KECAMATAN DIWEK
KABUPATEN JOMBANG

Silviranda Dewanti

Dr. Surana, S.S., M.Hum.

Jurusan Pendidikan Basa Ian Sastra Jawa

Prodi Basa Jawa

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

Silvirandadewanti@mhs.unesa.ac.id

Abstrak

Tujuan dari penelitian ini adalah mendeskripsikan pengaruh makam Gus Dur di tengah-tengah masyarakat Desa Cukir, Kecamatan Diwek, Kabupaten Jombang. Jenis penelitian ini menggunakan metode deskriptif kualitatif. Objek dalam penelitian ini mengenai makam Gus Dur. Sumber data dalam penelitian ini adalah dokumen dan informan. Data dalam penelitian ini berupa data lisan dan bukan lisan. Teknik pengumpulan data dengan cara observasi, wawancara, dengan bantuan teknik rekam dan catat. Instrumen penelitian ini adalah peneliti itu sendiri. Teknik analisis data menggunakan menggunakan metode deskriptif. Di dalam penelitian ini, peneliti menggunakan teknik analisis budaya dengan mengaitkan antara kebiasaan (kebudayaan) dan cara berfikir. Hasil dari penelitian ini adalah pengaruh makam Gus Dur di tengah masyarakat menghasilkan budaya/tradisi ziarah (ngalab berkah), haul Gus Dur, budaya religi, meningkatkan ekonomi masyarakat dan menjadikan masyarakat memiliki jiwa toleransi yang tinggi.

Kata Kunci: Folklor, Pengaruh Makam Gus Dur, Makam Gus Dur, Jombang.

Abstrak

Ancas saka panliten iki yaiku nggambareke pangaribawane pesarean Gus Dur ring satengahe masyarakat Desa Cukir, Kecamatan Diwek, Kabupaten Jombang. Jinis panliten iki nggunakake metodhe dheskriptif kualitatif. Objek sajrone panliten iki ngenani pesarean saka Gus Dur. Sumber dhata panliten iki yaiku dhokumen lan saka crita sing dadi juru kuncine pesarean. Data sajrone panliten iki arupa dhata lisan lan ora lisan. Teknik nglumpukake dhata kanthi cara observasi, wawancara, lan uga rekam sarta cathet. Instrument panliten iki yaiku panliti iku dhewe. teknik analisis dhata nggunakake metodhe dheskriptif. Sajrone panliten iki, panliti nggunakake teknik analisis budaya kanthi nggayutake anatarane bab sing lumrah anane (kabudayan) lan cara anggone mikir. Asil saka panliten iki yaiku pangaribawane pesarean Gus Dur ring satengahe masyarakat ngasilake budaya utawa tradhisi nyekar (ngalab berkah), haul Gus Dur, budaya religi, nikelake ekonomi masyarakat lan ndadekake masyarakat nduweni toleransi marang liyan sing dhuwur.

Tembung Wigati: Folklor, Pangaribawa pesareyan Gus Dur, Jombang.

Abstract

The aim of the research is to explain the power of Pasareyan Gus Dur in the middle of society of Cukir Village, Diwek District, Jombang Regency. The style in use of this research is descriptive qualitative method. The object of this research about Pasareyan Gus Dur. Sources of the data are documents and informants. The data are oral or unoral. The technique of collecting data is observation, interview, methods by record and note taking. The instrument of this research is researcher. The technique of analyzing data is descriptive method. In this research, researcher using cultural technique analysis by habitual and mind of cultural. The result of this research are the power of Pasareyan Gus Dur in the middle of society give off ziarah tradition or ngalab berkah,

haul Gus Dur, culture of religion, can improve the economic of society and give off the big tolerance of society.

Key words: Folklore, the power Of Pasareyan Gus Dur, Pasareyan Gus Dur, Jombang.

Landhesane Panaliten

Kabudayan karipta dening manungsa kang nduweni akal lan budi. Kabudayan kuwi ngemu teges yaiku minangka sekabehe pamikire manungsa lan asil saka cipta, rasa, lan karsane manungsa kang becik kanthi sarana niyat ngupaya pamikiran manungsa kanggo luwih pinter (Koenjaraningrat, 1987: 15). Budaya kuwi samubarang kang urip lan ngrembaka. Kuntowijoyo (1987: 2-3) ngandharake yen kabudayan yaiku asil saka olah pamikire manungsa kanggo nggayuh kasampunane urip. Kabudayan bisa diperang dadi pitung aspek. Kayata basa, sistem pengetahuan, sistem kemasyarakatan utawa organisasi sosial, sistem piranti urip lan teknologi, sistem pakaryan, sistem religi, lan kesenian.

Koentjaraningrat (1987: 5-7), ngandharake wujud kabudayan diperang dadi telu, yaiku 1) wujud kabudayan minangka saka idhe-idhe, pamikiran, nilai-nilai, norma-norma, aturan lan liyaliyane, 2) wujud kabudayan minangka nglumpukake saka aktivitas lan uga tumindak saka manungsa ing bebrayan, 3) wujud kabudayan minangka wujud asil karyane manungsa. Dene miturut Suwarni lan Widayati (2015:6) wujud kabudayan diperang dadi telu, yaiku (1) budaya abstrak yaiku budaya kang salah sawijine kompleks idhe-idhe, pamikiran, nilai-niali, aturan, lsp, (2) wujud kagiyatanlan tumindak manungsakang trep klawan manungsa liyane,lan (3) budaya kongkrit kang awujud pakaryane manungsa.

Kabudayan uga nduweni maneka werna cabang studi, salah sawijine yaiku folklor. Folklor kang dumadi saka rong tembung yaiku *folk* lan *lore*. *Folk* tegese saklompok wong kang nduweni identitas dhewe-dhewe. Tembung *lore* yaiku perangan kabudayan kang diwarisake kanthi cara turun temurun lan anggone medharake kanthi cara lisan utawa nggunakake gerak isyarat. Folklor miturut Dundes (Danandjaja, 2002) yaiku saklompok pawongan kang nduweni ciri fisik, sosial, lan kabudayan, saengga bisa dibedakake saka klompok-klompok liyane. Saka jlentrehan pangerten kasebut bisa didudut yen folklor yaiku salah sawijining kabudayan kang kolektif, sumebar lan diwarisake kanthi cara turun temurun lan tradisional kanthi wujud lan versi kang beda-beda.

Miturut Brunvand, wujude folklor ana telu yaiku: (1) folklor lisan (*verbal folklore*) yaiku kang awujud nyata, kayata baa rakyat, pitutur, uga nyanyian rakyat, (2) folklor setengah lisan (*partly verbal folklore*) kang wujude campuran saka lesan lan dudu lesan, kayata dtrama, upacara, kapercayan, lan liya-liyane, lan (3) folklor dudu lisan (*non verbal folklore*). Yaiku kayata panganan, klambi, lan liya-liyane.

Sajrone panliten iki, panliti nggunakake objek Pesarean Gus Dur. Panliti milih pangribawane pesarean Gus Dur ing Desa Cukir Kecamata Diwek Kabupaten Jombang kanthi tintingan Folklor. Pesarean Gus Dur minangka salah sawijine papan panggonan kang dikurmati dening masyarakat. Isih akeh masyarakat nindakake kagiyatan kang asipat sakral ing Pesarean Gus Dur iki. Pesarean

Gus Dur iki awujud pekarangan amba kang ana sajrone Pondok Tebuireng ing Desa Cukir, Kecamatan Diwek, Kabupaten Jombang. Pesarean Gus Dur iki ora nate sepi ditekani para peziarah saka tlatah kang adoh, kayata Surabaya, Sidoarjo, Banyuwangi, Madura, Yogyakarta, lan sapiturute.

Tradhisine kang ana ing Pesarean iki nduweni daya tarik kang mligi tumrap masyarakat, antarane tradhisine yaiku kagiyatan ziarah ing pesarean Gus Dur kang dilakukan masyarakat yaiku dadi sarana pangkurmatan tumrap Gus Dur tokoh penting yaiku mantan presiden uga tokoh agama. Kagiyatan ziarah ing Pesarean Gus Dur iki salah sawijine sarana kanggo nglestarikake budaya kang turun temurun. Ziarah ing pesarean iki yaiku nduweni dhasar keyakinan kang wis ngoyot ana ing atine masyarakat.

Masyarakat kang ziarah ing pesarean Gus Dur percaya ana kakuwatan magis, saengga nganti saiki makam ora nate sepi ditekani para peziarah. Masyarakat ana kang percaya yen bisa pikantuk ketenangan, katentreman, bisa nggayuh pepenginan, yen kerep ziarah ing pesarean Gus Dur. Masyarakat ana kang percaya yen ziarah ing pesarean Gus Dur apa kang dikarepake bakal kedadeyan utawa bisa kawujud. Kagiyatan ziarah ing pesarean Gus Dur nggawa pangaribawa tumrap panguripan sakiwa tengene pesarean. Pangribawane yaiku bisa dideleng saka perekonomian lan hubungan sosial masyarakat. Pesarean Gus Dur iki durung ana kang nliti kanthi tintingan folklor amarga uga kanggo nglestarikake lan nguri-uri kabudayan Jawa.

Saka jalaran-jalaran kang wis dijilentrehake kasebut, panliti banjur nemokake underan saka panliten iki ing antarane: (1) Kepriye gegambaran desa Cukir minangka papan panggenan wisata religi Gus Dur?, (2) kepriye proses mula bukane wisata religi Gus Dur?, (3) kepriye pangaribawane wisata religi Gus Dur tumrap masyarakat desa Cukir, kecamatan Diwek, kabupaten Jombang?. Kanggo nliti panliten iki kanthi luwih jeru, panliti nggunakake metodhe kualitatif deskriptif. Metodhe kasebut kalebu panliten kang nengenake dhata kahanan sosial kang ana ing sakiwa tengene masyarakat. Ana ing masyarakat Jawa, akeh banget gejala-gejala sosial kang narik kawigaten kanggo ditliti, salah sawijine yaiku pesareyan Gus Dur iki.

Sawise nliti kanthi metode kualitatif deskriptif, panliti bakal njlentrehake asil panliten kanthi wujud tetembungan. Andharan kasebut bakal diperang dadi telu, adhedhasar underan panliten. Kang kapisan yaiku ngenani gegambaran desa Cukir yaiku desa kang minangka papan panggonan pesareyan Gus Dur. Kang kapindho yaiku ngenani mula bukane pesareyan Gus Dur, kang kalebu biografi saka Gus Dur, riwayat pendhidhikan, penggaweyan, lan panuripan pribadhine. Kang katelu yaiku ngenani pangaribawa apa wae kang diasilake saka anane wisata religi kasebut marang masyarakat ing desa kasebut. Panliten iki bakal dijilentrehake kanthi format lelandhesan panliten, metodhe panliten, andharan asil panliten, dudutan, atur panuwun, banjur kapustakan minangka pungkasaning artikel panliten iki.

Metodhe Panliten

Metodhe kang digunakake kango nintingi panliten iki yaiku metodhe kualitatif dheskriptif. Ratna (2013: 47) ngandharake yen metodhe kualitatif ngutamakake data kang alamiah, data kang ana sesambungan karo kontek anane gejala sozial kang relevan. Sumber dhata lan dhata bisa awujud dhokumentasi lan wawancara saka informan. Dhata panliten arupa lesan utawa ora lesan kayata cathetan lan rekaman asile wawancara saka informan.

Tata cara nglumpukake dhata kango panliten Tradhisi ing Gus Dur yaiku kayata ngamati langsung utawa observasi, wawancara, ngrekam, nyathet, dhokumentasi, lan transkripsi. Instrumen sajrone panliten iki yaiku panliti dhewe. Tata cara nganalisis data kang wis makumpul nggunakake metodhe analisis deskriptif. Analisis deskriptif yaiku analisis kang ngandharake data saka lapangan yaiku asile wawancara. Ing panliten iki nggunakake analisis kultural, yaiku analisis kang adhedhasar saka tumindak, solah bawa, lan pamawase manungsa ngenani kabudayan.

Metodhe panliten kang asipat kualitatif iki dipilih jalaran panliti nggunakake objek wisata religi Gus Dur. Objek kasebut kalebu gejala sosial minangka papan panggenan kang nduweni daya pangaribawa tartamtu tumrap masyarakat ing sakiwa tengene desa Cukir, kecamatan Diwek, kabupaten Jombang. Jalaran saka objek kang dipilih kasebut, panliti uga nindakake proses panliten kanthi ngamati (observasi) langsung menyang papan panggonan supaya bisa ngerti luwih cetha lan bisa njlentrehake asil panliten gathuk klawan kahanan kasunyatane.

Andharan Asile Panliten

Panliten kang nduweni irah-irahan *Pangaribawane Pesareyan Gus Dur Tumrap Masyarakat Desa Cukir Kecamatan Diwek Kabupaten Jombang* iki kalebu salah sawijine panliten kang nliti ngenani wujud kabudayan (mligine folklor) kang ana ing satengahe bebrayan. Masyarakat Jawa nduweni maneka werna kabudayan kang nduweni daya pangaribawa uga nduweni paedah tumrap panguripane masyarakat. Bab kasebut ndadekake kabudayan nduweni kalungguhan kang wigati sajrone urip bebrayan.

Panliten kang adhedhasar objek sosial pesareyan Gus Dur iki, nggunakake konsep panliten kualitatif. Yaiku panliten kang nggambarake gejala-gejala sosial utawa kahanan sosial kang ana ing satengahe bebrayan. Sajrone panliten iki, panliti bakal ngamati kanthi langsung objek kang bakal dianalisis utawa ditliti, banjur ngumpulake dhata kanthi wawancara klawan pawongan kang nduweni tanggung jawab utawa pawongan kang ngertenai bab pesareyan kasebut.

Wawancara kang wis ditindakake kasebut banjur digoleki ditulis utawa didadekake transkrip supaya panliti gampang nggoleki lan mahami bab-bab apa wae kang dibutuhake saperlu panliten. Sekabehane panliten kudu nduweni dhokumentasi kango mbuktekake dhata kang wis dikumpulake kalebu *valid* utawa ora. Mula panliti uga njupuk dhokumentasi kanggo srana nguji *kevalidan* dhata, dhokumentasi kasebut arupa foto, vidheo, rekaman audio, tulisan, lan sapanunggalane.

Bab kang pungkasan ditindakake panliti yaiku njlentrehake asil panliten kanthi wujud deskripsi utawa tetembungan (slaras klawan metodhe panliten kang digunakake). Asil panliten kasebut diperang manut underan panliten kang wis ditemtokake. Sajrone bab andharan asil panliten iki panliti bakal menehi gambaran ngenani asil observasi utawa ngamati langsung menyang papan panggonan kang dadi objek panliten.

Lelandhesan teori kang digunakake sajrone panliten iki yaku teori ngenani folklor kang diandharake dening Brunvand. Miturut Brunvand, wujude folklor ana telu yaiku: (1) folklor lisan (*verbal folklore*) yaiku kang awujud nyata, kayata basa rakyat, pitutur, uga nyanyian rakyat, (2) folklor setengah lisan (*partly verbal folklore*) kang wujude campuran saka lesan lan dudu lesan, kayata dtrama, upacara, kapercayan, lan liya-liyane, lan (3) folklor dudu lisan (*non verbal folklore*). Yaiku kayata panganan, klambi, lan liya-liyane.

Pesarean Gus Dur kalebu folklor setengah lisan, jalaran pesareyan Gus Dur kalebu salah sawijine kapercayan/religi kang dipercayani utawa diyakini masyarakat bisa ngalap berkah saka pesareyan salah sawijine ulama' kang uga mantan presidhen nagri Indonesia kasebut. Folklor setengah lisan nduweni sipat kang campuran, yaiku campuran saka lesan lan dudu lesan. Bab kasebut gathuk klawan pesareyan Gus Dur kang nduweni kaloro unsur kasebut.

Panliten saemper utawa panliten kang ana sadurunge kang uga ngenani bab pesareyan utawa saemper, ing antarane yaiku: Merry Crista jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Daerah Universitas Negeri Surabaya taun 2013 kanthi irah-irahan "*Mitos lan Tradhisi Ing Pesareyan Sunan Bejagung Semanding Kabupaten Tuban (Tintingan Folklor)*". Sajrone panliten iki ngrembug babagan kepriye mula bukane, mitos kang ana, tradhisi lan ubarampe apa kang kinandhut ana sajrone tradhisi, tatalakune tradisi, makna lan fungsi. Landhesan analisis kang digunakake kanggo ngonceki prekara sajrone panliten iki, tradhisi, mula buka, tata laku nggunakake teori folklor Danandjaja, makna simbolis dilandhesi hermeneutik pamawase Sumaryono lan semiotik panemune Noth, fungsi bakal ditintingi teori Bascom, nilai budaya bakal diandharake nggunakake teori saka Lantini. Metodhe sing digunakake sajrone panliten yaiku dheskriptif kualitatif dene tata cara nglumpukake dhata lumantar observasi, wawancara, lan kuesioner.

Panliten kapindho yaiku panliten ngenani pesareyan uga kang ditindakake dening Ayuk Sukmawati saka Jurusan Pendhidhikan Basa lan Sastra Jawa Univesitas Negeri Surabaya taun 2013 kanthi irah-irahan "*Legendha Pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung ing Desa Terung Wetan Kabupaten Sidoarjo*". Sajrone panliten kasebut ngrembug babagan wujud, pigunane, makna simbol, nilai-nilai budaya lan owah-owahane. Kang dadi punjere panliten nggunakake teori lan konsep ing antarane, kanggo njlentrehake piguna legendha nganggo teorine Bascom kang dikutip dening Danandjaja. Kanggo njlentrehake simbol nggunakake teorine Sudikan. Kanggo ngonceki nilai budaya nggunakake teorine Lantini. Kanggo ngonceki owah-owahan nganggo teorine Danandjaja, lan folklor nganggo teorine Danandjaja.

Andharan asil panliten iki bakal diwiwiti saka underan panliten kang kaping sepisan, yaiku ngenani gegambaran desa Cukir minangka papan panggonan pesareyan Gus Dur. Bab kasebut dijentrehake ana ing ngisor iki:

1. Gegambarane Desa Cukir

Sajrone panliten kabudayan, anane kahanan desa nduweni pangaribawane tumrap kabudayan kasebut. Babagan kahanan Desa iki nyakup dhata etnografi desa. Miturut Suparlan (1983: 42) kang ngandharake panliten etnografi yaiku salah sawijine kagiyatan sistematis kanggo ngertenih tatacara uripe Bebrayan yaiku cara kanggo bisa ngertenih iku padha karo kabudayan panyengkuyunge. Etnografi bisa menehi gegambaran kahanane warga kang ana ing desa Cukir bisa diandharake kaya dene (1) struktur pamerentahane desa, (2) kahanan warga desa, (3) pangupajiwa, (4) pendhidhikan, (5) agama kang dianut, lan (6) gegayutan kahanan desa karo tradhisi kang ana ing pesareyan Gus Dur ing Desa Cukir, Kecamatan Diwek Kabupaten Jombang. Gegambaran iki bisa digunakake kanggo nggamarake kepriye anane gegayutan antane amsyarakat Cukir karo folklor setengah lisan ngenani tradhisi ing Pesareyan Gus Dur. Sabanjure perangan kang ngandharake ngenani kahanan etnografi desa bakal digayutake karo tradhisi kang ana ing Pesareyan Gus Dur.

Desa Cukir nduweni luas wilayah 3.7 km². Desa Cukir ing sisih kidul wewatesan langsung karo karo Desa Kayangan lan Desa Bendet, ing sisih lore desa kasebut wewatesan karo Desa Jatirejo lan Desa Kwaron, sisiwh wetane wewatesan langsung karo Desa Dempok, lan sisih kulone wewatesan langsung karo Desa Keras. Kantor Balai Desa Cukir ana ing tengah-tengahe dhusun yaiku ing sisih kidule dalan dhaerah Pesareyan Gus Dur.

Struktur pamarentah desa minangka punjere pamarentah kang ngatur sawenehe bab kang ana ing Desa Cukir saengga dadi punjere masyarakat. Struktur pamarentah desa kasebut adhedhasar jejibahan saka utusane pamarentahan sadhuwure. Anane struktur pamarentahan iki nggampangna uga mangertenih sapa kang dadi pandhege ing Balai Desa Cukir. Amarga saben organisasi nduweni tugas dhewe-dhewe kanggo nglayanimasyarakat ing desa kasebut. Susunan organisasi ing Desa Cukir yaiku kaperang saka Kepala Desa, Sekertaris Desa, Kasi pamarentahan, Kepala Dhusun.

Tlatah kang paling rame yaiku tlatah Dusun Tebuireng merga ing kene ana saperangan pondhok pesantren, sawijine kang paling kondhang yaiku Pondhok Pesantren Tebuireng kang diadekake dening K.H. Hasyim Asy'ari. Ing jero pesantren iki ana kompleks pesareyan kulawarga katurunan K.H. Hasyim Asy'ari. Saliyane K.H. Hasyim Asy'ari, ing kompleks iki uga ana pesareyan putra lan putu panjenengane yaiku K.H. Wahid Hasyim lan K.H. Wahid Hasyim lan K.H. Abdurrahman Wahid (Gus Dur). Kompleks makam iki tansah rame ditekani para peziarah lan tamu mligine nalika dina preian. Saliyane pesantren Tebuireng ing desa iki (isih ing tlatah Dusun Tebuireng) uga ana sawijine pabrik gula warisan saka jaman Landa kang saiki diurus dening PT. Perkebunan Nusantara X (Persero) Tbk. Kang jenenge Pabrik Gula Tjoekir.

Fasilitas pendhidhikan ing Desa iki isa diarani lumayan maju menawa dibandingake karo desa-desa sakecamatan Diwek, luwih-luwih ing tingkat sakabupaten Jombang. Saka tingkat TK

nganti *perguruan tinggi* sekabehe ana ing desa iki, wiwit pendhidhikan umum uga nganti keagamaan. Sawetara kanggo fasilitas kesehatan, ing desa iki wis ngadek puskesmas kang pelayanan kesehatane meh mirip kar *standar* pelayanane rumah sakit merga saliyane prawat lan dhokter umum uga ana saperangan dhokter spesialis.

Pangupajiwane pendhudhuk Desa Cukir akeh kang minangka petani lan buruh tani. Sektor pertanian uga nggawa peran penting sajrone bidang ekonomi masyarakat pendhudhuk ing Desa Cukir akeh kang dadi karyawan perusahaan swasta, uga akeh kang dadi guru swasta, amarga ing dhaerah Desa Cukir akeh sekolah anyar kang diwangun samarine ana pesarean Gus Dur. Saliyane iku pedagang keliling, pedagang barang klontong lan wongadol panganan uga akeh ing dhaerah Desa Cukir ing pinggir dalan gedhe sakitare Pondohok Tebuireng, amarga saiki wis rame ora kaya biyen. Masyarakat ing Desa Cukir iki uga akh kang dadi petani lan buruh tani amarga isih kalebu desa agraris. Akeh kang nandur pari, nandur jagung, pala pendhem, la sapiturute. Jinis-jinise tandhuran kang ditandur iki mbuthake banyu kang lumayan aeh, banyu bisa disalurake saka imigrasi.

Saliyane kuwi pendhudhuk ing dhaerah Cukir uga akeh kang dadi bakulan khususe ing dhaerah Pesarean Gus Dur kang wis dicepakake stan-stan khusus kanggo wongadol kerenaan kang biyasane digunakake kanggo gawan saka pesarean Gus Dur, utawa sawise wisata ing pesarean Gus Dur. Uga ana kang buka kopi ing omahe dhewe-dhewe, lan ternak kang diingu ing pekarangan omahe dhewe yaiku kayata bebek, pitik, lele, manuk, lan sapiturute. Usaha liyane kang ana ing Desa Cukir yaiku kayata penjait klambi, penyanyi, lan liyan-liyane. Meh kabeh masyarakat nduweni kesadharan nyekolahake anak-anake kanthi tujuwan upaya anake sok mben oleh penggawean kan luwih apik tinimbang wog tuwane. Wragad sekolah kang ora sathitik ndadekake para wongtuwa nyambut gawe dadi buruh-buruh tani, wongtuwa kang kaya mangkono kuwi nduweni pepenginan nakae nduweni penggawean kang luwih penak, kaya dene dadi dokter, polisi, guru, lan sapiturute.

Sistem adol tinuku sajrone pesareyan Gus Dur wis nduweni sistem kang apik amarga adol tinuku wis ditata dening para warga lan nduweni paguyuban-paguyuban kanggo ngatur dodolan ing saubenge pesareyan, ana papat paguyuban kang ngatur sistem dol tinuku ing saubenge warga kang arupa listrik, toko-toko bakul, baberesik lan *keamanan*. Adol tinuku ing saubenge makam Gus Dur uga ora luput saka pengaruhe pondhok pesantren merga nile-nile utawa tradhisi ing njero pondhok uga menehi pengaruh marang mlakune dol tinuku kasebut, kayata unggah-ungguh marang pawongan kang tuku, ndhisikake rasa nyaman marang wong kang tuku, ora njupuk bathi kang luwih sajrone pakaryan, para bakul tansah mratikake kasejahteraan marang sapadha kanggo mbangun panguripan *sosial* lan *ekonomi*.

Agama salah sawijine babagan kang wigati sajrone urip ing alam donya iki. Agama iki manggon ing ati lan keyakinan dhewe-dhewe. Masyarakat ing Desa Cukir meh kabeh nganut agama Islam, nanging uga ana kalangan minoritas kang nganut agama liyan. Senajan beda keyakinan nanging warga Desa Cukir tetep guyu-rukun, tansah gotong royong, tulung-tinulung, lan sapiturute. Agama Islam kang dianut warga Desa Cukir isih kacampur adat kang lumaku lan dipercaya ing

kana. Kanggo nindhakake ibadah, para masyarakat mbangun papan ibadah kang arupa masjid lan musolah. Senajan masyarakat Desa Cukir akeh kang ngandhut agama Islam aliran Nahdlatul Ulama (NU), nanging masyarakat Desa Cukir isih ana kang percaya karo hal ghaib utawa kapercayan kayata anane ngalab berkah ing Pesarean Gus Dur.

Pendhuhuk Cukir meh kabeh nganut agama Islam tinimbang agama liyane. Masyarakat Cukir akeh kang nganut agama Islam senajan akeh akeh kang pendhatang saka njaba Desa Cukir. Masyarakat Desa Cukir dhewe isih akeh kang percaya ngenani pangaribawane Pesareyan Gus Dur kang bisa ngijabahi papa kang dadi pepenginane, nanging masyarakat uga tetep nindkake ibadah kang dadi kuwajibane kayata sholat limang wektu, pasa ramadhan lan nglakoni sunahe marang Gusti Allah Kang Murbeng Dumadi, kayata pasa Senen lan Kemis.

Saben dhaerah nduweni titikan kang khas ing babagan basa. Salah sijine yaiku dialek kang dienggo pacaturan, kang bisa mbedakake karo basa dhaerah liyane. Basa kasebut kang bisa diarani basa ibu utawa basa kapisanan kang ditampa lan Basa Indhonesia dadi basa kapindho. Ing Desa Cukir basa kang digunakake yaiku basa Jawa, basa Jawa minangka basa ibu kang nduweni kalungguhan kang luwih onjo tinimbang basa liyane. Basa Jawa nduweni unggah-ungguh kanggo pacaturan kang bisa ngalusake la bisa ngregami wong kang sapantaran utawa wong kang luwih tuwa.

Basa Indonesia uga digunakake nanging ing kahanan kang resmi, kaya dene ing instansi-instansi pamarintahan utawa sekolah. Kayata kotbah-khotbah ing masyarakat uga akeh nggunakake basa Jawa, basa Jawa ngoko lan basa Jawa alus utawa krama inggil. Rapat-rapat resmi ing desa uga nggunakake basa Campuran yaiku basa Jawa lan basa Indonesia. Saben dina basa kang digunakake ing pacaturan masyarakat Cukir nggunakake basa padinan, yaiku basa Jawa lan basa Indonesia. Kanggo wong kang wis sepuh kerep nggunakake basa Jawa ngoko yen pacaturan karo wong kang umure luwih enom, basa Indonesia sitik digunakake ing kalangan wong kang wis tuwa. Nanging lumrahe para kadang tarunane nggunakake basa campuran, nanging uga nggunakake basa kang maneka werna. Gambaran ngenani basa Jawa, basa Indonesia, minangka samubarang kang wigati banget kanggo kawasian basa kuwi.

Gambaran Desa Cukir nduweni daya pangaribawa kang gedhe tumrap masyarakat warga desa kang wis turun-temurun. Kapercayan kuwi bisa njalari warga desa njaga kahanan alam ing sakupenge. Pesarean Gus Dur uga menehi daya pangaribawa tumrap pakulinan warga desa Cukir njaga kahanan, mligine Desa Cukir kasebut. Ing desa Cukir iku papane Pesantren Tebu Ireng. Wong pesantren lan sakiwa tengene pesantren nduweni pandhangyan yen Gus Dur iku waliullah utawa wali Allah, ora mantan presidhen. Pandhangyan iki ndadekake masyarakat sakupenge pesarean Gus Dur percaya yen pesarean Gus Dur nduweni daya pangaribawa tumrap pakulinane warga Desa Cukir ing aktivitas saben dinane.

Saya majune teknologi uga ora luput menehi daya pangaribawa tumrap pesarean Gus Dur. Wiwit Gus Dur wafat, tumekaning saiki akeh kang padha ziarah ana ing pesarean Gus Dur. Kang ziarah ing Pesareyan Gus Dur iki ora mung agama islam nanging uga ana pastur, pendheta, lan aliran

kapercayan liyane. Tradhisi ziarah nduweni makna nyidheake marang Gustine, tegese yen ziarah ing pesarean kekasihe Gusti uga nduweni makna uga cedhek marang Gusti Pangeran. Ing babagan pendhidhikan jelas uga menehi sumbangsih tumrap pangribawa pesarean Gus Dur. Pondok Pesantren Tebu Ireng dadi salah sawijining pesantren kang misuwur lan kondhang ana ing tlatah Jawa Timur. Pramila, pesantren iki mau uga dadi jujungan para siswa lan siswi kang arep nuntun ilmu bab agama lan liyane. Pondok Pesantren iki uga wujud yen sistem religi ana ing Desa Cukir kenthel banget, khususe agama Islam. Pramila, agama Islam bisa dadi agama kang dianut dening mayoritas warga Desa Cukir.

2. Mula Bukane Wisata Religi Gus Dur

Gus Dur lair tanggal 4 Agustus 1940 ing Desa Denanyar, Jombang, Jawa Timur. Panjenangane putu saka pendhiri Nahdlatul Ulama KH. Hasyim Asy'ari. Panjenengane putra saka KH. Wahid Hasyim, yaiku kyai kang nate dadi menteri agama. Sawetara ibune yaiku, Hj. Solehah yaiku putri saka pendhiri Pesantren Denanyar Jombang, yaiku KH. Bisri Syamsuri. Jeneng asline Gus Dur yaiku Abdurrahman Ad-Dakhil kang nduweni arti pawongan kang bisa naklukake. Amarga tembung “Ad-Dakhil” ora pati kondhang, mula jeneng kasebut diganti dadi “Wahid” kang sabanjure luwih kondhang kanthi tinimbalan “Gus Dur”. Gus yaiku tinimbalan kaurmatan kanggo anake kyai kang nduweni teges “mas utawa cak”.

Gus Dur utawa sinebut uga Abdurrahman Wahid. Pawongan kang dikenal masyarakat minangka pamikir brilian, rasional, sarta pengalaman nalika urip wis ngasilake maneka wujud werna ing babagan politik, sosial, budaya, ekonomi, seni, lan liya-liyane. Nanging Gus Dur nduweni kagiyatan kang ora bisa ditinggalake, lan bageyan saka sawijine ciri khas warga NU, yaiku nyekar ing pesareyan-pesareyan ulama kang dinggep wali Allah. Garwane Gus Dur yaiku Sinta Nuriyah, lan nduweni petang putra yaiku, Alissa Qotrunnada, Zanubba Ariffah Chafsoh, Anita Hayatunnufus, lan Inayah Wulandari.

Gus Dur nate ngomong kanthi blaka menawa dheweke turunan Tiong Hoa saka Tan Han kang rabi marang Tan A Lok, kang sejatine dulur saka Raden Patah (Tan Eng Hwa) yaiku pendhiri Kasultanan Demak. Tan a Lok lan Tang Eng Hwa iki anak saka putri Campa kang sejatine Putri Tiongkok yaiku selir Raden Brawijaya V. Saka panlitene panliti Prancis Louis Charles Damais, Tan Kim Han diidhentifikasi minangka Syekh Abdul Qodir Al Shini, kang pesareyan ditemokake ing tlatah Trowulan.

Taun 1994, Gus Dur pindah menyang Jakarta amarga ayah panjenengane kapilih dadi ketua Partai Masyumi. Sawise deklarasi kamardikan Indonesia, Gus Dur bali ing Jombang. Taun 1949, Gus Dur menyang Jakarta maneh amarga Ayah panjenengane kapilih dadi menteri agama. Gus Dur nempuh pendhidhikan SD ing SD KRIS sadurunge pindah menyang SD Matraman Perwari. Kanggo nambah elmu saking ayah panjenengane diutus maca buku non-muslim, majalah, lan uga Koran. Nanging ing taun 1953, ayah panjenengane dipundhut Gusti Allah amarga kecelakaan.

Pendhidhikan Gus Dur taun 1957-1959 ing Pesantren Tegalrejo, Magelang, Jawa Tengah, taun 1959-1963 ing Pesantren Tambak Beras Jombang, taun 1963-1966 ing Departemen Studi Islam lan Arab Tingkat Tinggi Universitas Al-Azhar Kairo. Taun 1064 Gus Dur lulus. Taun 1965 Gus Dur miwiti sinau bab Studi Islam lan basa Arab. Taun 1966-1970 ing fakultas Sastra Universitas Baghdad, Irak. Taun 1970 Gus Dur ngrampungake pendhidhikan ing Universitas Baghdad lan nerusake pendhidhikan ing Belanda ing Universitas Leiden, nanging Gus Dur kuciwa amarga pendhidhikan ing Universitas Bangdad ora diakoni. Sadurunge mulih ing Indonesia ing taun 1971, Gus Dur menyang Jerman lan Perancis.

Sawise bali ing Jakarta, Gus Dur banjur mlebu menyang *Lembaga Penelitian, Pendhidhikan lan Penerangan Ekonomi dan Sosial*, utawa LP3ES, yaiku organisasi kang dumadi saka kaum intelektual muslim progresif lan social demokrat. LP3ES ngedekake majalah Prisma lan Wahid dadi sawijine kontibutore, dadi kontributor ngubengi pesantren lan majalah ing kabeh penjuru tlatah Jawa. Gus Dur rumangsa trenyuh marang perkara ekonomi kang dialami pesantren. Gus Dur banjur ngembangake karire dadi jurnalis, artikel kang diserat ditrima apik lan sawise kuwi ngembangake reputasie dadi komentator sosial. Nalika Gus Dur wis nduwensi karir kang bisa diarani sukses nanging panjenengane isih ngrasa uripe sara nalika namung nduwensi penggawean siji. Gus Dur nambah penggawean adol kacanag uga ngaterake es.

Taun 1974 sawetara saka karire saka ngajar ing pesantren nganti Dekan Fakultas Ushuluddin Universitas Hasyim Asy'ari Gus Dur dadi Sekretaris Umum Pesantren Tebuireng, Katib Awwal PBNU (1980-1984), Ketua Balai Seni Jakarta (1983-1985), pendhiri Pesantren Ciganjur (1984), Ketua Dewan Tanfidz PBNU (1984-2000), Ketua Majelis Ulama Indonesia ((1987-1992), Ketua Forum Demokrasi 1990), Anggota *Majelis Permusyawaratan Rakyat RI* (1989-1993), *Ketua Konferensi Agama lan Perdamaian Sedunia* (1994), Pangarsa Dewan Syura DPP PKB (1998), Presiden Republik Indonesia (20 Oktober 1992-24 Juli 2001), pangurus Besar Nahdlatul Ulama, Mustasyar (2000), lan madekake The WAHID Institute Indonesia (2004).

Akeh pihak kang ngapresiasi pahargyan Gus Dur, kalebu pahargyan Magsaysay saka pamarentah Filipina saka upayane kanggo ngraketake sesambungan antar agama ing Indonesia (1993) lan pahargyan Dakwah Islam saka Pamarentah Mesir (1991). Panjenengane uga pikantuk pahargyan saka Simon Wiethemthal Center, sawijine paguyuban kang mlaku ing babagan HAM merga dinggep minangka sawijine pawongan kang wigati marang HAM. Gus Dur pikantuk pahargyan saka Mebal Valor kang kantore ing Los Angeles merga dinile nduwensi wewani mbela marang kaum minoritas. Panjenengane uga pikantuk pahargyan saka Universitas Temple lan jenenge didadekake minangka klompok studi Abdurrahman Wahid Chair of Islamic Study. Gus Dur uga pikantuk akeh gelar Doktor Kaurmatan (Doktor Honoris Causa) saka maneka lembaga pendhidhikan.

Gus Dur pikantuk pahargyan minangka “*Bapak Tionghoa*” dening saperangan pawongan Tionghoa Semarang ing Klenteng Tay Kak Sie, Gang Lombok, 10 Maret 2004. Ing 11 Agustus

2006, Gadis Arivia lan Gus Dur pikantuk Tasrif Award-AJI minangka *Pejuang Kebebasan Pers 2006*. Miturut para pihak kasebut Gus Dur lan Gadis nduweni semangat, Visi, lan Komitmen kanggo ngupayakake *kebebasan berekspresi, persamaan hak, semangat keberagaman, lan dhemokrasi* ing *Indonesia*.

Saka karire Gus Dur kang wis ditempuh, Gus Dur bisa nyiptakake akeh karya sastra arupa buku. Buku-buku kang wis diterbitake yaiku, Islam dalam Cinta dan Fakta; Sebuah dialog Mencari kejelasan; Gus Dur Diadili Kiai-Kiai; Tabayun Gus Dur, Pribumisasi Islam, Hak Minoritas, Reformasi Kultural; Islam, Negara, dan Demokrasi; Prisma Pemikiran Gus Dur; Pergulatan Negara, Agama, dan Kebudayaan; Kumpulan Kolom dan Artikel Abdurrahman Wahid Selama Era Lengser; Mengatasi Krisi Ekonomi: Membangun Ekonomi Kelautan, Tinjauan Sejarah dan Pespektif Ekonomi; Gus Dur Bertutur; 90 Menit Bersama Gus Dur; Gus Dur Menjawab Kegelisahan Rakyat; Khazanah Kiai Bisri Syansuri; Pecinta Fiqh Sepanjang Hayat; Sekedar Mendahului, Bunga Ramapi Kata Pengantar; Umat Bertanya Gus Dur Menjawab; Tuhan Tidak Perlu Dibela; lan Islamku Islam Anda Islam Kita.

Sawise nindakake maneka werna wujud penggaweyan, perjuwangan, KH. Abdurrahman Wahid dipundhut Gusti Pengeran tanggal 30 Desember 2009. Pesareyan panjenengane ana ing komplek pondhok tebuireng, sesandhingan klawan pesareyane Si Mbah KH. Hasyim Asyari. Pesareyan kang ana ing tengah-tengah podok tebuireng iki uga ana pesareyane bapake panjenengane KH. Wahid Hasyim lan pengasuh pondok tebuireng jaman biyen yaiku KH. Yusuf Hasyim. Area pesareyan kulawargane Gus Dur iki ana ing kompleks pondok tebuireng Desa Cukir Kecamatan Diwek Kabupaten Jombang kang adohe kurang luwih 30 km saka kidule alun-alun kabupaten Jombang.

KH. Abdurrahman Wahid kang kondhang kanthi asma Gus Dur iki, uga minangka mantan presiden kaping papat Republik Indonesia lan kyai kang diajeni banget ing Indonesia. Sarta sawijine tokoh agama Indonesia kang akeh ngukir prestasi lan kiprah kang apik kanggo politik Indonesia nalika iku. Akeh piweling-piwelingan kang ditujokake kanggo sekabehan kalangan sing nganti nrenyuhake ati. Uga ngono peran pentinge kanggo keagamaan, wis mesthi patut menawa panjenengane dikurmati dening saben kalangan, mligine para santri Pondok Tebuireng. Saben dina akeh wong kang ziarah ing area pesareyan gus Dur. Akehe-akehe saka rombongan wali songo. Ziarah bisa dilakoni kapan wae, kajaba ing wayah maghrib nganti sawise isya amarga pihak pondhok nduweni paugeran dhewe ing ngendi para santrine uga nduweni kagiyatan dhewe ing njero pondhok.

Ing saubenge area pesareyan Gus Dur uga disediakake maneka oleh-oleh kanthi temane Gus Dur, kayata buku, tasbih, panganan khas Jombang lsp. Miturut mantan wakil Gubernur Jawa Timur, Syaifullah Yusuf utawa Gus Ipul, kawasan pesareyan Gus Dur iki bakale dadi wisata religi Kabupaten Jombang, amarga Gus Dur diangkat dadi Pahlawan Nasional.

Cukir yaiku salah sawjine desa ing Kecamatan Diwek, Kabupaten Jombang, Propinsi jawa Timur. Ing jerone ana dalan gedhe kang ngubungake Jombang-Batu/Malang uga Jombang-Pare

kang mecah desa kasebut ndadekake desa iki kaya-kaya ora tau turu. Ing sisih Lor, desa iki wewatesan marang Desa Kwaron la Jatirejo. Sawetara ing sisih kidul wewatesa karo Desa Kayangan lan Bendet. Desa Grogol ngewatesi ing sisih wetan lan Desa Keras. Pepadheté warga munjer ing sadawane dalan gedhe, sawetara tlatah kang rada adoh saka dalan gedhe luwih akeh digunakake kanggo lahan tani mligine pari lan tebu. Ditambah ing saperangan panggonan kang nduweni latar sejarah ndadekake desa iki luwih rame tinimbang desa-desa liyabe ing Kecamatan Diwek.

Tlatah kang paling rame yaiku tlatah Dusun Tebuireng merga ing kene ana saperangan pondhok pesantren, sawijine kang paling kondhang yaiku Pondhok Pesantren Tebuireng kang diadekake dening K.H. Hasyim Asy'ari. Ing jero pesantren iki ana kompleks pesareyan kulawarga katurunan K.H. Hasyim Asy'ari. Saliyane K.H. Hasyim Asy'ari, ing kompleks iki uga ana pesareyan putra lan putu panjenengane yaiku K.H. Wahid Hasyim lan K.H. Wahid Hasyim lan K.H. Abdurrahman Wahid (Gus Dur). Kompleks makam iki tansah rame ditekani para peziarah lan tamu mligine nalika dina preian. Saliyane pesantren Tebuireng ing desa iki (isih ing tlatah Dusun Tebuireng) uga ana sawijine pabrik gula warisan saka jaman Landa kang saiki diurus dening PT. Perkebunan Nusantara X (Persero) Tbk. Kang jenenge Pabrik Gula Tjoekir.

Fasilitas pendhidhikan ing Desa iki isa diarani lumayan maju menawa dibandingake karo desa-desa sakecamatan Diwek, luwih-luwih ing tingkat sakabupaten Jombang. Saka tingkat TK nganti *perguruan tinggi* sekabehe ana ing desa iki, wiwit pendhidhikan umum uga nganti keagamaan. Sawetara kanggo fasilitas kesehatan, ing desa iki wis ngadek puskesmas kang pelayanan kesehatane meh mirip kar *standar* pelayanane rumah sakit merga saliyane prawat lan dhokter umum uga ana saperangan dhokter spesialis.

Sistem adol tinuku sajrone pesareyan Gus Dur wis nduweni sistem kang apik amarga adol tinuku wis ditata dening para warga lan nduweni paguyuban-paguyuban kanggo ngatur dodolan ing saubenge pesareyan, ana papat paguyuban kang ngatur sistem dol tinuku ing saubenge warga kang arupa listrik, toko-toko bakul, bab reresik lan *keamanan*. Adol tinuku ing saubenge makam Gus Dur uga ora luput saka pengaruhe pondhok pesantren merga nile-nile utawa tradhisi ing njero pondhok uga menehi pengaruh marang mlakune dol tinuku kasebut, kayata unggah-ungguh marang pawongan kang tuku, ndhisikake rasa nyaman marang wong kang tuku, ora njupuk bathi kang luwih sajrone pakaryan, para bakul tansah mratекake kasejahteraan marang sapadha kanggo mbangun panguripan *sosial* lan *ekonomi*.

3. Pengaruh Pesarean Gus Dur Tumrap Masyarakat Panyengkuyunge

Pasareyan Gus Dur lumrahe bisa menehi pangaruh utawa pangaribawa tumrap masyarakat panyengkuyunge. Wiwit panjenengane Gus Dur kang duwe pangaruh gedhe marang bangsa iki, uga minangka ulama kang ditresnani dening masyarakat. Mula pasarean iki ora uwal saka akehe wong kang ziarah ing saben dinane. Aneng subbab iki bakal kaandharake yen pasarean Gus Dur uga menehi pangaruh tumrap masyarakat panyengkuyunge.

a. Ziarah kubur minangka salah siji tradisi lan sarana ngalab berkah

Ing satengahing bebrayan muslim, anane tradhisi ziarah kubur nduweni rong panemu kang kontradhiktip yaiku ana kang ngolehi ziarah nanging uga ana kang ora ngolehi ziarah. Ana pihak kang nglarang, ziarah kubur digayutake karo bid'ah uga syirik. Ana ing pihak liyane kang ngolehi ziarah nduweni panemu dene ziarah yaiku bagean saka ibadah lan ora ana gayutane klawan musyrik amarga, para peziarah hakikate ora njaluk marang jasade wong kang wis mati ananging wasilah klawan para wali kang seda supaya Gusti Allah bisa menehi apa kang dadi panjalukane pawongan kasebut. Andharan iki kakuwatake kanthi pethikan asil wawancara ing ngisor iki:

“Tradhisi kang ana ing kene yaiku ritual ziarah kanggo nyidekake kita marang Gusti Allah, gampangane yen kita cidhek marang kekasih Gusti Allah kita uga cidek karo Gusti Allah, umpamane kita nyuwun donga dhewe iku angel nanging yen liwat kekasihe Gusti Allah luwih gampang. Ibarate ate nang bupati ngajak camat, saka kunu apa kang kita karepake sitik akeh bakale dikabulna, amarga mandhang camate dudu kita. Nanging niyate ati tetep njaluk dungane marang Gusti Allah. Kita iki dadi manungsa nduweni duso kang akeh, nah saka kene iki kita bisa njaluk seputra liwat Wali Allah supaya bisa disepurani.” (Sulhan, Pendhamping Pasarean, 31 Desember 2019)

Kang ziarah ana ing pasarean Gus Dur ora amung wong islam, nanging uga ana kapitayan liane kayata Tionghoa lan Kejawen. Saka akehe wong kang ziarah saka kalangan kang maneka werna ndadeake tata cara ziarah kang beda-beda uga. Kayata, maca donga-donga islami, naburi kembang, lan ana kang jupuk watu saka pasareane Gus Dur. Andharan iki kakuwatake kanthi pethikan asil wawancara ing ngisor iki:

“Tata cara ziarah wiwitane yaiku salam menyang para kang diziarahi, donga menyang Gusti Allah liwat para wali utawa tawasul, sajrone iku maca tahlil lan kalimat-kalimat toyibah. Ora ana tata cara kang aneh-aneh utawa naburi kembang kayata ing pesareyan liyane. Nanging uga ana kang nggawa kembang biasane saka wong agama liya, kayata wong agama Hindhu. Yen ana wong kang nggawa kembang kuwi wis ora mlebu konteks wong ziarah. Kadhang kala uga ana wong kang mulih nggawa watu saka pesarean, ngunu kuwi salah sawijine bentuk kapercayaan lan kadhang kala kapercayan ngunu kuwi bisa kawujud amarga Gusti Allah nyatakake yen Gusti Allah gumantung prasangkane manungsa dhewe. Ana wong kang njaluk ing Gus Dure ora ing Gusti Allah, yen ngweruhi wong kang kaya mangkono kita kudu bisa nglurusake kanthi cara kang apik, amarga wong awam kadhang mikire njaluke menyang Gus Dur merga ora ana bimbingan. Kayata wong-wong kejawen. Wong kejawen biasane donga ora njaluk ing Guti Allah nanging dheweke nduweni kapitayan yen Gus Dur bisa ngbulna apa kang dadi panjaluke, nganti saiki isih ana wong kang kaya mangkono. Kula nate ndampingi pastur utawa non muslim kuwi kaya sajenis pangkurmatan ngunu kanggo ndongakake Gus Dur. Dongakake Gus Dur kuwi apik, napa ta kita ndongakake Gus Dur, ya ibarate kaya ngisi banyu ing gelas nganti banyune kutah, kutahe mbalik ing awakdewe. Iki uga salah sawijine kapercayan wong Suni utawa ahli sunnah.” (Sulhan, Pendhamping Pasarean, 31 Desember 2019)

Ana dina-dina khusus kang akeh ditekani para wong kang ziarah. Ora amung saka njero kutha nanging uga ana saka manca kutha kepara malah saka njaba Pulau Jawa uga ana. Dinane yaiku

Sabtu, Minggu, lan Jemuuh Legi. Ana ing dina-dina iki pasarean Gus Dur kebak nganti uyel-uyelan anggone mlebu. Andharan iki kakuwatake kanthi pethikan asil wawancara ing ngisor iki:

“Dina kang rame ing Pesarean Gus Dur dina Sabtu, Minggu lan Jemuuh Legi nganti kebek, dina kang apik kango nyekar yaiku dina Jemuuh Legi. Nanging yen rame ing dina saliyane dina Jumat Sabtu Minggu yaiku wong ziarah kang saka njaba Pulau Jawa.”

b. Haul Gus Dur

Gus Dur kang dinilai nduweni jasa ndadekake kabeh warga negara nduweni kalungguhan kang padha. Salah sawijine ana ing bab pangurusan surat. Sadurunge, masyarakat entnis Tionghoa nalika proses pengurusan administrasi beda, amarga ana kode lan ana tarif khusus, kajaba kuwi, Gus Dur uga toleran utawa ngajeni lumantar ngolehi panganggone basa mandarin, kang sesandhingan klawan nggunakake basa inggris utawa basa arab. Amarga kebijakan kang ditindakake Gus Dur kasebut ndadekake Gus Dur tansah dikurmati senajan panjenegan saiki wis seda.

Panjengane nganti antuk gelar pakurmatan minangka bapak Tionghoa Indonesia dene komunitas Tionghoa Semarang. Pakumpulan sosial Boen Hian Tong (rasa dharma) taun 2014. Dadi nalikaadicara haul, etnis Tionghoa uga melu ngrayakake kanthi maneka wernane atraksi minangka wujud ngelingi sedane almarhum Gus Dur. kepara dheweke malah ziarah menyang pesareyane Gus Dur. Liong lan Barongsai dadi sajian hiburan saben ana haul Gus Dus. Andharan iki kakuwatake kanthi pethikan asil wawancara ing ngisor iki:

“Haul yaiku dina kanggo mengeti dina sedane Gus Dur. Kagiyanan Haul iki dilaksanakae ora mung wong agama islam wae, nanging uga non muslim kang melu ngrayakake Haul Gus Dur iki. Ora ing masjid, musolah lan panggon pengajian nanging uga ana ing greja lan klenteng kang uga ngrayakake Haul Gus Dur iki. Cara kang dilaksanake uga maneka werna, ana kang maca yasin lan tahlil, nggelar pengajian umum, musyawarah kang ngrembug babagan Gus Dur nganti na pentas seni budaya. Haul ora maneh dadi tata laku babagan agama, nanging wis dadi tata laku budaya kang dirayakake saben ulan Desember, senajan Ulan Desember iki alon-alon wis dadi ulane Gus Dur.” (Sulhan, Pendhamping Pasarean, 31 Desember 2019)

Ing kiwa-tengene dalam tumuju pesareyan akeh dodolan-dodolan kang isine maneka werna prodhuk. Ana warung mangan, toko klambi muslim, aksesoris, nganti maneka werna kaset. “Siir tana waton” kang asring dikumandhangake Gus Dur dadi “tembang wajib” kang diputer ing tlathah saubenge makam. Saliyane pertokoan uga isih ana maneka fasilitas kang ngadol jasa kayata wc umum lan panggon panginepan.

Dudutan

Dudutan saka panliten iki yaiku pangribawa pasareyan Gus Dur karasa banget tumrap masyarakat Desa Cukir, kecamatan Diwek, Kabupaten Jombang. Wiwit saka sistem religi masyarakat kang nuwuhake tradisi ziarah utawa ngalab berkah, haul Gus Dur kang dipengeti dening tiyang kathah kalebu agama islam khususes lan jaba agama islam (tionghoa) uga melu nyengkuyung

haul Gus Dur. Kapindhone budaya masyarakat kang kenthel kalihan agama islam nuwuhake pasareyan Gus Dur tetep nduweni pangribawa gedhe nganti saiki. Lan kang pungkasan anane pasareyan Gus Dur uga isa ngangkat ekonomi masyarakat. Jalaran kang ziarah ana ing makam Gus Dur saka maneka warna pawongan, ora mligi agama islam nanging uga ana non islam, lan kapitayan sanese. Pramila saka iki, nuwuhake rasa toleransi kang gedhe ana ing masyarakat panyengkuyung pasareyan Gus Dur.

ATUR PANUWUN

Panulis ngaturake agunging panuwun amarga anggone nyerat artikel ilmiah bisa lancar saha cundhuk karo wektu kang wis ditemtokake. Panulis uga uga ngaturake panuwun kang tanpa upama marang:

1. Prof. Dr. Nurhasan, M. Kes. Minangka Rektor Universitas Negeri Surabaya kang wis paring kalodhangen anggone panliti kuliyah ing UNESA,
2. Dr. Trisakti, M. Si minangka Dekan Fakultas Basa lan Seni, Universitas Negeri Surabaya,
3. Dr. Surana, S. S., M. Hum. Minangka Ketua Jurusan Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa) kang sampun kersa paring palilah lan panyengkuyung tumrap panliten iki,
4. Dr. Surana, S. S., M. Hum. Minangka dhosen pembimbing kang kersa paring bimbingan semangat, lan pambiyantu marang panliti anggone ngrampungake artikel ilmiah iki.
5. Bapak Ibu dhosen Jurusan Pendhidhikan Basa lan sastra Dhaerah (Jawa) kang sampun kersa paring elmu nalika kula kuliyah.
6. Bapa Miswanto lan Ibu Wiwik Rusmawati sarimbit ingkang sampun ngukir jiwa raga kula. Matur nembah nuwun tanpa pepondhan sampun arsa nggulawenthah, paring daya, lan donga penyengkuyung.
7. Para informan kang paring kersa mbabar sawenehe elmu kang cundhuk karo panliten iki.
8. Kanggo kabeh pihak kang durung bisa disebutake siji-siji kang uda dadi panyengkuyung tumrap panulisan artikel ilmiah iki.

Kapustakan

Crista, Merry.2013. *Mitos lan Tradhisi Ing Pesareyan Sunan Bejagung Semandhing Kabupaten Tuban*. Surabaya: Skripsi.

Sukmawati, Ayuk. 2013. *Legenda Pesarean Raden Ayu Putri Oncat Tandha Wurung ing Desa Terung Wetan kabupaten Sidoarjo*. Surabaya: Skripsi.

Danandjaja, James. 1984. *Folklor Indonesia Ilmu Gosip Dongeng dan lain-lain*. Jakarta: Pustaka Grafiti.

Endraswara, Suwardi. 2008. *Folklor Jawa, Bentuk, Macam, dan Nilainya*. Jakarta: Penaku.

_____, Suwardi. 2009. *Metodologi Penelitian Kebudayaan*. Yogyakarta: Gajah Mada University Press.

Koentjaraningrat. 1984. *Kebudayaan Jawa*. Jakarta: Balai Pustaka.

----- 1987. *Kebudayaan Melintas dan Pembangunan*. Jakarta:

Gramedia.

- Kuntowijoyo. 1987. *Budaya dan Masyarakat*, Yogyakarta: PT. Tiar Wicana.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2004. *Teori, Metode dan Teknik Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar
- Sudikan, Setya Yuwana. 2001. *Metode Penelitian Kebudayaan*. Surabaya: Unesa Unipress.
- Sukarman. 2006. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Unesa Unipress.
- Suwandi, Sarwidji. 2006. *Semantik Kajian Makna*. Yogyakarta: KLEIN Press.
- Suwarni & Widayati, Sri Wahyu. 2015. *Mengenal Sekilas Tradisi Jawa*. Surabaya: Penerbit Bintang Surabaya.